# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–24 जुलाई 2024** **भोजपुरी समाचार**

वित्त मंत्री निर्मला सीतारमण की ओरि से काल्हि पेस कइल गइल आम बजट के तहत रेल बजट में उत्तर प्रदेस के ओन्नइस हजार आठ सौ अड़तालीस करोड़ रूपिया क धनरासि मिलल हवे। एहमें चारि सौ नब्बे रेलवे मार्ग क निरमाण होई सथहीं छौ सौ छौ लाइन क विद्युतीकरणो होई। रेल बजट में प्रदेस के एक सौ सत्तावन स्टेसन के अमृत स्टेसन के तौर पर बिकसित कइलहू के सामिल कइल गइल हौ। पूर्वोत्तर रेलवे क महाप्रबंधक सौम्या माथुर आजु बतउलिनि कि भारतीय रेल के कुलि दुइ लाख बासठ हजार दुइ सौ करोड़ रूपिया क धनरासि मिलल हौ। आम बजट में रेल संरक्षा पर खास धियान दीहल गइल हौ। एहमें रेलपथ नवीनीकरण, सिग्नल व्यवस्था में सुधार, आरओबी/आरयूबी, ढांचागत विस्तर जइसन कार सामिल हवे। उहां के कहलीं कि वर्तमान वित्त बरिस में दुइ हजार पांच सौ सामान्य कोच बनावे क फैसिला कइल गइल हौ। सथहीं, दस हजार अउरियो कोच बनवलहू क मंजूरी दीहल गइल हौ। उहां के कहलीं कि पुरहर बजट मिलले के नाते पूर्वोत्तर रेलवे सौ फीसदी विद्युतीकरण के ओरि बढ़ि गइल हौ। मीटर गेज लाइनि के ब्रॉड गेज में बदलल गइल हौ। बनारस मण्डल अउर इज्जतनगर मण्डल पुरहर तरीका से ब्रॉड गेज में बदलि गइल हौ। लखनऊ मण्डल क बहराइच, नानपारा अउर नेपालगंज रोड खण्ड क गेज बदलले क कार चलि रहल हौ। एकरे सथहीं तिसरका लाइनि बनवले अउर दोहरीकरणो तेज भइल हौ।

**********

सरकारी काम में लपरवाही बरते वाले अधिकारियन अउर करमचारियन पर प्रदेस सरकार की ओरि से कार्रवाई क सिलसिला जारी हौ। आजु चित्रकूट जिला में स्कूली बस क फिटनेस प्रमाण पत्र जारी कइले में लपरवाही बरतले पर जिला क प्राविधिक सम्भागीय निरीक्षक के जुरते मोअत्तल कइ दिहल गइल हौ जबकि सहायक सम्भागीय प्रवर्तन परिवहन अधिकारियो के खिलाफ अनुसासनात्मक कार्रवाई क संस्तुति कइल गइल हौ। मुख्यमंत्री की ओरि से रोजाना सासकीय योजनन क समीक्षा कइल जा रहल हौ अउर लपरवाही मिलले पर अधिकारियन पर कार्रवाइयो कइल जा रहल हौ। येही कड़ी में काल्हि श्री योगी प्रदेस में कई गो आपदा में भइल जनहानि अउर क्षतिग्रस्त फसलिनि क मवाजा दिहले में ढिलवाही बरतले पर आधा दरजन से जियादे अधिकारियन से स्पस्टीकरण मंगले हवें। एहमें पांच जिला क एडीएम एफआर के प्रतिकूल प्रविस्टि दिहल गइल हौ। जबकि तीनि गो एसडीएम से स्पस्टीकरण मांगल गइल हौ। ओहीं, बाढ़ि से जुड़ल कार्यन में लपरवाही पर कानपुर देहात क आपदा बिसेसज्ञ के मोअत्तल कइ दिहल गइल हौ।

**********

सर्वोच्च न्यायालय अदालत क कार्य अवधि से जुड़ल आपन नियम में संसोधन कइले हवे। संसोधन के हिसाबि से नया कार्य अवधि भिन्नही दस बजे से संझा पांच बजे ले होई। शीर्ष न्यायालय आपन अधिसूचना मे कहले हवे कि अवकास अउर दुसरका आ चउथा सनिचर के अदालत क कार्यलय बन्न रही। नया नियम एक अगस्त से लागू होई।

**********

कासी वासियन के अब रोजाना बाबा विश्वनाथ के दरसन खातिर लमहर कतार नाही लगावे के पड़त हौ। उनके सुविधा बदे काशी द्वार से सोझै बाबा के चउखट पर जाये बदे खास राहि खोलि दिहल गइल हौ। कल्हियें से सरधालु महादेव क दरसन कइ के मंगल कामना कइ रहल हवें। नया व्यवस्था में काशीवासियन के रोजाना भिन्नहीं चारि बजे से पांच बजे ले स्पर्स दरसन अउर संझा चारि बजे से पांच बजे ले झांकी दरसन क लाभ मिली। ओन्हें येह खास राहि से प्रवेस बदे आपन पहिचान पत्र देखवे के होई। श्रीकाशी विश्वनाथ धाम क मुख्य कार्यपालक अधिकारी विश्वभूषण मिश्र बतवलें कि काशीवासियन के बाबा विश्वनाथ क असानी से दरसन करावे बदे तेरह जुलाई से एक्कइस जुलाई ले काशी द्वार से ट्रायल सुरू भइल रहे। ट्रायल अउर सावन क पहिला दिन कुलि मिला के इग्यारह हजार सात सौ सतहत्तर सरधालु बाबा क दरसन कइलें। एकरे सफल भइले के बाद अब एके नियमित कइ दिहल गइल हौ। नेमी दर्सनार्थियन के सथहीं सज्जो काशीवासियन खातिर काशी द्वार सावन क सोम्मार आ अउरियो तिउहार के अलावा सामान्य दिन में उपलब्ध करावल जाई।

**********

महायोगी गोरखनाथ विश्वविद्यालय में आजु कृषि संकाय में नया प्रवेसित विद्यार्थियन बदे एगो व्याख्यान क आयोजन कइल गइल। कार्यक्रम क मुख्य अतिथि उप निदेसक कृषि अरविंद कुमार सिंह कहलें कि गोरखपुर अउर लग्गे क जिला मोटहन अनाज के खेती खातिर अनुकूल हवे। कम समय अउर कम खरचा में किसान मोटहन अनाज क पैदावार से अपने आय में बढ़ोत्तरी कइ सके लें। मोटा अनाज स्वास्थ्य खातिर बहुते अच्छा होला।

**********

पूर्वांचल में करीब बिलुप्त हो चुकल पनियाला क संरक्षण अउर संवर्धन बदे प्रदेस सरकार की ओरि से कवायद सुरू कइ दिहल गइल हौ। भारतीय कृषि अनुसंधन परिषद से जुड़ल लखनऊ स्थित केन्द्रीय उपोष्ण बागवानी संस्थान, गोरखपुर क जिला उद्यान विभाग अउर स्थानीय स्तर क कुछु प्रगतिसील किसान एकरे संरक्षण खातिर कार कइ रहल हवें।

**********